

The University of the State of New York

REGENTS HIGH SCHOOL EXAMINATION

ISTWA AK GOUVÈNMAN
ETAZINI

Jedi 26 Janvyè 2012 — 9:15 a.m. jiska 12:15 p.m., sèlman

Non Elèv la _____

Non Lekòl la _____

Ekri non ou ak non lekòl la ak lèt enprime sou liy ki anwo yo. Yo ba ou yon fèy repons apa pou Pati I an. Swiv enstriksyon siveyan an pou mete enfòmasyon elèv nan fèy repons ou. Answit, mete enfòmasyon yo mande ou yo nan tèt chak paj tiliv redaksyon ou.

Egzamen sa a gen twa (3) pati. Ou fèt pou reponn **tout** kesyon ki nan tout pati yo. Sèvi ak plim nwa oswa plim ble fonsè pou w ekri repons pou Pati II, IIIA ak IIIB.

Pati I an gen 50 kesyon ochwa miltip. Ekri repons ou pou kesyon sa yo selon eksplikasyon ou jwenn sou fèy repons lan.

Pati II a gen yon kesyon redaksyon tematik. Ekri repons ou pou kesyon sa a nan tiliv redaksyon an, kòmanse nan paj 1.

Pati III a baze sou plizyè dokiman:

Pati III A a genyen dokiman yo. Lè ou rive nan pati sa a nan egzamen an, ekri non ou ak non lekòl ou sou premye paj chak seksyon.

Chak dokiman akonpaye ak yon kesyon oswa plis. Ekri repons ou pou chak kesyon ki nan tiliv egzamen sa a sou li ki vini apre kesyon an.

Pati III B a genyen yon kesyon redaksyon ki baze sou dokiman yo. Ekri repons ou pou kesyon sa a nan tiliv redaksyon an, kòmanse nan paj 7.

Lè w fini egzamen an, ou fèt pou siyen deklarasyon ki enprime nan fen fèy repons lan, pou w endike ou pa t konnen kesyon oswa repons yo ilegalman anvan egzamen an, epitou ou pa t ni bay ni pran poul pou reponn kesyon yo pandan egzamen sa a. Yo p ap aksepte fèy repons ou an si w pa siyen deklarasyon sa a.

Itilizasyon nenpòt aparèy kominikasyon entèdi fòmèlman pandan w ap fè egzamen sa a. Si ou itilize nenpòt aparèy kominikasyon, menm si se pou yon ti tan, egzamen ou an p ap valab, epi ou pap jwenn nòt pou li.

PA LOUVRI TILIV EGZAMEN SA A TOUTOTAN YO PA BA OU SIYAL POU FÈ SA.

Pati I

Reponn tout kesyon ki nan pati sa a.

Enstriksyon (1–50): Pou chak deklarasyon oswa kesyon, ekri sou fèy repons apa a *nimewo* mo oswa ekspresyon ki, nan sa yo bay yo, pi byen konplete deklarasyon an oswa ki pi byen reponn kesyon an.

Sèvi ak kat jeyografik ki anba la a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 1 ak 2.



Sous: Robert A. Divine et al., *America: Past and Present*, Scott, Foresman (adapte)

1 Ki pi bon tit pou kat jeyografik sa a?

- | | |
|------------------------|---------------------------------|
| (1) Migrasyon nan Lès | (3) Ogmantasyon Teritwa |
| (2) Rezilta Revolisyon | (4) Imigrasyon Anvan Lagè Sivil |

2 Ki patikilarite jeyografik ki te fòme fwontyè oksidantal Etazini nan ane 1783?

- | | |
|-----------------------|-------------------|
| (1) Oseyan Pasifik | (3) Gran Lak yo |
| (2) Rivyè Mississippi | (4) Montay Wochez |

3 Objektif prensipal Atik Konfederasyon an se te pou

- (1) pwokire revni pou gouvènman nasyonal la
- (2) kreye estrikti debaz gouvènman nasyonal la
- (3) bay gouvènman nasyonal la pouvwa pou kontwole komès entè-eta
- (4) garanti yon deklarasyon dwa moun pou pwoteje sitwayen yo kont gouvènman nasyonal la

4 Òdonans Nòdwès ane 1787 la te kreye yon modèl pou koloni annapre lè li anvizaje

- (1) ogmantasyon legal esklavaj
- (2) kreyasyon pak nasyonal yo
- (3) distribisyon tè gratis ba veteran lagè yo
- (4) pwosesis pou teritwa yo pou vin eta

5 Liv John Locke, Jean-Jacques Rousseau, ak Baron de Montesquieu se liv ki enpòtan nan istwa Etazini, paske yo

- (1) te kont itilizasyon travay esklav nan Amerik yo
- (2) te sipòte dwa absoli wa a pou enpoze taks
- (3) te ankouraje fòmasyon pati politik ak machin politik
- (4) te enfliyanse otè Deklarasyon Endepandans lan ak Konstitisyon an

6 Ki aksyon prezidan ki se yon egzanp itilizasyon konstitisyon ki pa ekri?

- (1) òganize yon reyinyon kabinè a nan Mezon Blanch
- (2) soumèt yon trete ba Sena a pou ratifikasyon
- (3) lonmen yon anbasadè nan Lafrans
- (4) mete veto sou yon pwojè-lwa Kongrè a adopte

7 Ki deklarasyon ki dekri federalis avèk plis presizyon?

- (1) Branch jidisyè gouvènman an gen plis pouvwa pase lòt de (2) branch yo.
- (2) Prezidan an ak vis-prezidan an separe pouvwa egzekitif la.
- (3) Pouvwa a separe ant gouvènman nasyonal la ak eta yo.
- (4) Pouvwa a separe ant de (2) chanm Kongrè a.

8 Sou zafè kreyasyon yon bank nasyonal, Sekretè-Deta Thomas Jefferson ak Sekretè Trezò Alexander Hamilton te gen diferans pwendvi sou si pou

- (1) aplike yon entèpretasyon sevè oswa vag Konstitisyon an
- (2) kreye yon dwa ladwàn pou ogmante revni
- (3) itilize depo pou finansye yon lamarin tounèf
- (4) prete kiltivatè yo lajan

Sèvi ak desen komik ki anba la a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 9.



Sous: Clifford Berryman, National Archives (adapte)

9 Ki deklarasyon konsènan Kongrè Etazini an ki pi byen sipòte nan enfòmasyon ki nan desen komik sa a?

- (1) Kongrè a dwe reyini omwen yon fwa chak ane.
- (2) Yo dwe chwazi Manm Chanm Reprezantan yo chak dezan.
- (3) Chak chanm Kongrè a dwe pibliye yon jounal deba li fè yo.
- (4) Reprezantasyon nan Chanm Reprezantan yo baze sou popilasyon eta a.

10 Ki yon prensip gouvènman an ki endike nan Preyanbil pou Konstitisyon Etazini an?

- (1) Lwa federal yo dwe depannde apwobasyon eta a.
- (2) Pouvwa gouvènman an sòti nan pèp la.
- (3) Yo pa dwe vyole dwa pou moun pote zam.
- (4) Tout gason ak fanm fèt egalego.

11 Rezilta Rebelyon Whiskey (1794) te ranfòse otorite

- (1) gouvènman nasyonal la
- (2) gouvènè eta yo
- (3) lejislati teritwa yo
- (4) lapolis lokal

12 Yo te rele Lagè 1812 la “Dezyèm Gè Mondyal pou Endepandans Ameriken” sitou paske

- (1) Britanik yo te bloke aksè Etazini nan pò New Orleans
- (2) Etazini te kontinye reziste kont taks Grannbretay te enpoze
- (3) Gouvènman britanik lan pa t janm respekte Etazini nèt kòm yon nasyon lib
- (4) Etazini ak Grannbretay pa t siyen yon trete pou lapè apre Lagè Revolisyon an

13 Kannal Erie te kontribiye nan devlopman Etazini lè li te

- (1) elimine bezwen pou chemennfè
- (2) konekte Gran Lak yo avèk Lakòt Atlantik la
- (3) vin wout prensipal pou komès nan California
- (4) pèmèt plantè sid yo ekspedye koton yo nan bato nan lwès

14 Ki tit ki pi byen konplete lide pasyèl ki anba la a?

- | |
|---|
| I. _____
A. Sispansyon abeyas-kòpous
B. Siyati Pwoklamasyon Emansipasyon
C. Eleksyon Prezidan Lincoln pou dezyèm manda |
|---|

- (1) Kanpay Pwopagann Lagè
- (2) Limit sou Libète Sivil yo Pandan Lagè
- (3) Diminisyon Dwa Minorite yo
- (4) Evènman Pandan Lagè Sivil

15 Lwa Jim Crow yo te adopte nan Sid pandan fen ane 1800 yo te deziyen pou

- (1) sipòte dwa sivil pou Ameriken Nwa yo
- (2) kreye yon sistèm segregasyon legal
- (3) bay tè gratis pou moun ansyen esklav yo
- (4) konpanse pwopriyete tè pou domaj ki te fèt pandan Lagè Sivil la

16 Nan fen 19yèm syèk la ak nan kòmansman 20yèm syèk la, yon objektif prensipal Federasyon Travay Ameriken (AFL) se te pou

- (1) mete yon pwen final nan restriksyon sou travay timoun
- (2) admèt fanm yo nan travay endistriyèl
- (3) amelyore salè ak kondisyon travay yo
- (4) antre tout travayè nan yon sèl sendika

17 Pandan ane 1890 yo, anpil kiltivatè ameriken te eseye rezoud pwoblèm ekonomik yo lè yo te

- (1) antre nan Pati Popilis la
- (2) òganize manifestasyon vyolan kont gouvènman an
- (3) sipòte èd gouvènman an nan chemennfè yo
- (4) mande Kongrè a pou mete yon pwen final nan sibvansyon agrikòl yo

18 Yon fason Lwa Esklizyon Chinwa (1882) ak Gentlemen’s Agreement (Akò Enfòmèl) (1907) sanble sèke yo


- (1) te montre atitud nativis yo nan Etazini
- (2) te ankouraje yon politik souverènte popilè
- (3) te lakòz yon ogmantasyon nan imigrasyon azyatik
- (4) te fasilite kondisyon pou sitwayènte

19 Ki gwo tit ki asosye avèk Lagè Panyòl-Ameriken ki se yon egzanzp jounalis sansasyonalis?

- (1) “**Prezidan McKinley Mande Kongrè a pou Fè Deklarasyon Lagè Kont Lespay**”
- (2) “**Etazini Ap Mobilize pou Lagè avèk Lespay**”
- (3) “**Etazini Mande Repons pou Aksyon Panyòl yo**”
- (4) “**Twoup Panyòl yo Masakre Sitwayen Kiben yo**”

Sèvi ak kat jeyografik ki anba la a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 20 ak 21.

Entèvansyon Etazini nan Antiy yo



Sous: Thomas G. Paterson et al., *American Foreign Policy: A History 1900 to Present*, D. C. Heath, 1991 (adapte)

20 Ki konklizyon ki pi sipòte aklè nan enfòmasyon ki sou kat jeyografik la?

- (1) Etazini te respekte dwa granmoun nasyon latino-ameriken yo.
- (2) Yo te itilize aksyon militè Etazini pou pwoteje enterè ameriken yo.
- (3) Etazini te itilize raman fòs lame li nan Amerik Latin anvan Dezyèm Gè Mondyal la.
- (4) Aksyon militè Etazini nan Amerik Latin nan te sipòte koloni ewopeyen yo.

21 Ki politik etranje Etazini yo te itilize pi plis pou mennen aksyon ki endike sou kat jeyografik la?

- (1) Kowolè Roosevelt nan Doktrin Monroe
- (2) Katòz Pwen Wilson
- (3) Akò Kellogg-Briand
- (4) Pòt Louvri

22 "... Sètadi, demann ou sèke gwo biznis yo bay pèp la yon tretman san patipri, epi pèp la bay yon tretman san patipri pou nenpòt moun ki angaje nan gwo biznis epi ki jwenn yon mwayen onèt pou fè sa ki bon ak kòrèk. ..."

— Theodore Roosevelt, "A Charter for Democracy,"
February 21, 1912

Deklarasyon sa a montre pozisyon Prezidan Theodore Roosevelt ki endike gouvènman federal la ta dwe

- (1) kite règleman gwo biznis yo ba eta yo
- (2) sispann règleman aktivite biznis yo
- (3) kontwòle move pratik biznis yo
- (4) sezi kontwòl tout twòs yo

23 *The Jungle*, *The Octopus*, ak *The Shame of the Cities*, yo tout se liv yo te ekri pou

- (1) sipòte fòmasyon yon nouvo pati politik
- (2) ankouraje pwoteksyon anviwònman
- (3) ankouraje refòm nan biznis ak nan gouvènman
- (4) ekspriye pwendvi konsènan enperyalis

24 Yo te kreye Sistèm Rezèv Federal nan ane 1913 pou

- (1) kontwòle òf monetè a
- (2) opere fòtin an pyès monnen
- (3) touche revni nan taks
- (4) pwoteje depo nan bank epay yo

25 Pandan Premye Gè Mondyal la, Prezidan Woodrow Wilson te itilize pouvwa lagè li pou

- (1) genyen pasaj lwa sou kota yo
- (2) bay tout fanm yo dwa pou yo vote
- (3) ogmante libète laprès
- (4) ogmante kontwòl gouvènman an sou ekonomi an

26 Opozisyon Sena a pou Etazini te vin manm nan Lig Nasyon yo te baze sitou sou

- (1) kotizasyon pou manm yo peye
- (2) echèk pou bay Etazini dwa veto
- (3) laperèz pou fè lagè pidevan
- (4) pè pou biznis Etazini yo ta domaje

27 Ki patikilarite ane 1920 yo ki endike nan divizyon nan pwendvi piblik sou pwosè Scopes ak Pwoyibisyon?

- (1) diskriminasyon kont imigran yo
- (2) konfli valè kiltirèl yo
- (3) laperèz kominis entènasyonal
- (4) opozisyon Ku Klux Klan

28 Pandan ane 1920 yo, pifò dèt konsomatè yo te akimile se te akòz

- (1) acha machandiz manifaktire yo pou peye pa tanperaman
- (2) twòp pwodiksyon pwodui agrikòl yo
- (3) grèv manch-long sendika yo
- (4) ogmantasyon taks sou revni

29 Pandan ane 1930 yo, move jesyon tè ak grav kondisyon sechrès toupatou nan pati Midwès la te lakòz

- (1) fòmasyon Depatman Agrikilti Etazini
- (2) kreyasyon sipli ble
- (3) devlopman mouvman Granger
- (4) devlopman kondisyon Bòl Pousyè sou Gran Plèn yo

30 Kisa ki te objektif plan Prezidan Franklin D. Roosevelt pou ajoute mete plis jij nan Lakou Siprèm?


- (1) pou ede Lakou Siprèm egzekite desizyon li yo
- (2) pou limite opozisyon jidisyè nan pwogram Nyoudil yo
- (3) pou konvenk Kongrè a adopte nouvo lwa ekonomik
- (4) pou ranplase Prezidan Lakou Siprèm nan

31 Pou ede genyen Dezyèm Gè Mondyal la gouvènman federal la te kwè li nesèsè pou

- (1) retounen nan etalon lò a
- (2) deklare sendika yo ilegal
- (3) enpoze rasyonman ak kontwòl pri yo
- (4) entegre fòs lame

Sèvi ak graf ki anba la a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 32 a.

**Chomaj nan Etazini,
1929–1942**



Sous: *Historical Statistics of the United States*,
U. S. Bureau of the Census (adapte)

32 Chanjman nan to chomaj la ant ane 1941 ak 1942 pi byen eksplike nan

- (1) repons Prezidan Herbert Hoover pou krach mache aksyon yo
- (2) efè Lwa Wagner
- (3) pasaj Lwa Redrèsman Nasyonal
- (4) antre Etazini nan Dezyèm Gè Mondyal la

33 Pandan Dezyèm Gè Mondyal la, yo te voye Japonè Ameriken yo nan kan konsantrasyon yo sitou paske yo

- (1) te konsidere yo kòm etranje ilegal
- (2) yo te kondane yo kòm moun ki t ap fè espyonaj pou Japon
- (3) te refize anwole nan fòs lamer Etazini
- (4) yo te panse yo te reprezante menas pou sekirite nasyonal

34 Kreyasyon Òganizasyon Trete Atlantik Nò (OTAN) bay plis eklèsisman sou yon angajman pou konsèp

- (1) kolonyalis
- (2) izolasyonis
- (3) defans youn pou lòt
- (4) dwa moun

35 Nan ane ki te vini imedyatman apre Dezyèm Gè Mondyal la, politik etranje Etazini te konsantre sitou sou

- (1) jwenn lapè nan Mwayennoryan an
- (2) anpeche devlopman kominis
- (3) voye volontè nan peyi k ap fè efò pou yo devlope
- (4) toujou gen netralite nan konfli monn lan

36 Ant ane 1946 ak 1954, Komite Chanm sou Aktivite Anti-Ameriken ak Senatè Joseph McCarthy te atire atansyon piblik la lè yo t ap mennen ankèt sou

- (1) akizasyon enfluyans kominis nan gouvènman an
- (2) vyolasyon dwa sivil kont Ameriken Nwa yo
- (3) koripsyon konpayi yo nan endistri defans lan
- (4) krim lagè ofisyèl alman ak japonè yo

37 Prezidan Dwight D. Eisenhower te voye twoup federal yo nan Little Rock, Arkansas, nan ane 1957 pou

- (1) sipèvizè eleksyon lokal yo
- (2) aplike entegrasyon nan lekòl
- (3) mete yon pwen final nan bòykòt otobis
- (4) kraze yon grèv nan endistri asye


38 Yo te mete yon pwen final avèk efikasite nan kriz misil kibèn an lè

- (1) Inyon Sovyetik te dakò pou retire zam yo nan Kiba
- (2) Envazyon Bèdèkochon te retire Fidel Castro sou pouvwa a
- (3) Otorite kibèn yo te siyen nouvo akò komèsyal avèk Etazini
- (4) Etazini te anonse fòmasyon Alyans pou Pwogrè

39 Yon rezilta piblikasyon Rachel Carson's *Silent Spring* se te

- (1) adopsyon Lwa anfavè Ameriken Andikape
- (2) adopsyon Lwa 1964 sou Dwa Sivil yo
- (3) mouvman pou anviwònman modèn te jwenn sipò
- (4) mouvman pwoteksyon konsomatè a te kòmanse

Sèvi ak lèt ki anba la a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 40 ak 41.



Sous: National Archives and Records Administration

40 Ki evènman ki te lakòz yo ekri lèt sa a?

- (1) eskandal Teapot Dome
- (2) fiziyad Eta Kent
- (3) afè Iran-Contra
- (4) pirataj Watergate

41 Ki pouvwa konstitisyonèl ki te pi responsab dirèkteman pou aksyon yo te pran nan lèt sa a?

- (1) pouvwa Kongrè a pou anile veto yo
- (2) pouvwa prezidan pou lonmen jij Lakou Siprèm nan
- (3) pouvwa miz-annakizasyon Channm Reprezantan yo
- (4) pouvwa Sena a pou apwouve trete ki pwopoze yo

42 Ki konsèp ki reprezante nan patisipasyon Etazini nan Akò Jeneral sou Dwa Ladwàn ak Komès (GATT) ak Akò Amerik-di-Nò pou Echanj Lib (NAFTA)?

- | | |
|-------------------|-----------------|
| (1) entèdepandans | (3) nasyonalis |
| (2) apezman | (4) non-alyiman |

Sèvi ak tablo ki anba la a ak konesans ou nan syans sosyal pou kesyon 43.

Kandida	Vòt Popilè	Vòt Elektoral
Demokrat: Al Gore	50,996,582	266
Republikan: George W. Bush	50,456,062	271

Sous: National Archives and Records Administration

43 Ki deklarasyon ki pi byen sipòte nan enfòmasyon ki nan tablo a?

- (1) Kandida majorite popilasyon an chwazi a te genyen nan eleksyon pou prezidan an.
- (2) Vòt popilè a se pa faktè desizif pou genyen nan eleksyon pou prezidan an.
- (3) Kandida yo dwe fè kanpay nan tout eta yo pou genyen yon eleksyon pou prezidan.
- (4) Yo te elimine Sistèm kolèj elektoral la apre eleksyon sa a.

Sèvi ak sitasyon ki anba la a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 44 la.

... Nan sizyèm ane depi lè yo te atake Nasyon nou an, mwen swete mwen te ka fè ou konnen danje yo te fini. Yo pa t fini. Epi kidonk, se politik Gouvènman sa a ki dwe itilize tout zouti entèlijans ki legal ak kòrèk, diplomasi, lapolis, ak aksyon militè pou fè travay nou, pou jwenn lennmi sa yo, epitou pou pwoteje pèp ameriken an. ...

— President George W. Bush


44 Ki evènman Prezidan Bush fè referans nan sitasyon sa a?

- (1) bonbadman Vil Oklahoma 17 avril 1995
- (2) aksyon teworis yo 11 septanm 2001
- (3) envazyon sovyetik yo nan Afganistan
- (4) kòmansman Operasyon Libète pou Pèp Irakyen

45 Ki de (2) evènman ki montre yon kòrèk relasyon kòz-ak-efè?

- (1) Lagè Meksiken → Trail of Tears
- (2) Renesans Harlem → Gran Migrasyon
- (3) ogmantasyon nan krim òganize → adopsyon Pwoyibisyon nasyonal
- (4) pasaj Lwa Otowout Entè-Eta → ogmantasyon nan kreyasyon banlye

Sèvi ak chema kwonolojik ki anba la a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 46 la.



46 Ki konklizyon ki pi sipòte aklè nan enfòmasyon ki sou chema kwonolojik la?

- (1) Entèkansyon gouvènman an nan ekonomi an te limite kwasans pwodui enteryè brit la.
- (2) Yo te modifiye politik ekonomik Etazini pou satisfè kondisyon chanjman yo.
- (3) Gouvènman Etazini an te montre yon ti enterè nan kontwòl gwo biznis yo.
- (4) Pifò Ameriken pa dakò avèk entèkansyon gouvènman an nan ekonomi an.

Sèvi ak desen komik ki anba la a ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 47 la.



Sous: Joe Heller, *Green Bay Press-Gazette*, October 16, 2007

47 Moun ki fè desen komik sa a ekspriye yon enkyetid pou fè konnen sistèm Sekirite Sosyal ki genyen kounye a

- (1) enpoze taks ki twò wo
- (2) pa kouvri pifò travayè ameriken
- (3) jwenn menas nan fiti ogmantasyon nan kantite benefisyè yo
- (4) pa sipòte yon bon mòdvi

48 Yon fason Prezidan Andrew Johnson ak Prezidan Bill Clinton sanble sèkè toulède te

- (1) fòse fè yon lagè enpopilè
- (2) kont lejislasyon pou dwa sivil yo
- (3) pran fonksyon yo apre ansasinay yon prezidan
- (4) pa t koupab devan Sena a apre akizasyon ki te genyen sou yo

49 Ki deklarasyon ki eksplike sistèm pouwa ekilibre?

- (1) Kolèj elektoral la te lage 435 vòt pou Woodrow Wilson nan ane 1912.
- (2) Prezidan Harry Truman te deside retire Jeneral Douglas MacArthur kòm kòmandan militè nan peyi Kore.
- (3) Sena a te rejte nominasyon Prezidan Robert Reagan te fè pou mete Robert Bork nan Lakou Siprèm.
- (4) Nancy Pelosi te eli kòm premye fanm Pòt-pawòl Chanm Reprèzantan yo nan ane 2007.

- 50 • Ralph Nader – *Unsafe at Any Speed*
 • Betty Friedan – *The Feminine Mystique*
 • Bob Woodward ak Carl Bernstein – *All the President's Men*

Ki konklizyon yo kapab pi byen fè nan enflyans liv sa yo?

- (1) Otè yo souvan ogmante sansibilizasyon piblik la sou pwoblèm enpòtan yo.
- (2) Ekriyen yo souvan ankouraje gwo biznis yo.
- (3) Travay literè yo souvan meprize pwoblèm diskite yo.
- (4) Jounalis yo souvan ekspoze politisyen kowonpi yo.

Ou dwe ekri repons pou kesyon redaksyon yo nan tiliv redaksyon apa a.

Pati II

KESYON REDAKSYON TEMATIK

Enstriksyon: Ekri yon redaksyon byen òganize ki genyen ladan l yon entwodiksyon, plizyè paragaf ki endike sa w gen pou fè anba a, ak yon konklizyon.

Tèm: Desizyon Lakou Siprèm

Diskisyon Lakou Siprèm Etazini te gen yon konsekans enpòtan sou nasyon an.

Sa pou fè:

Idantifye **de** pwosè enpòtan Lakou Siprèm Etazini, epi pou **chak pwosè**

- Dekri sikonstans istorik ki antoure pwosè a
- Eksplike desizyon Lakou Siprèm
- Diskite sou konsekans desizyon Lakou a sou Etazini

Ou ka itilize nenpòt pwosè apwopriye Lakou Siprèm. Men kèk sijesyon ou ta ka konsidere *Marbury v. Madison* (1803), *Gibbons v. Ogden* (1824), *Worcester v. Georgia* (1832), *Plessy v. Ferguson* (1896), *Schenck v. United States* (1919), *Korematsu v. United States* (1944), *Brown v. Board of Education of Topeka* (1954), *Miranda v. Arizona* (1966), *Roe v. Wade* (1973), ak *New Jersey v. T.L.O.* (1985).

Ou pa limite a sijesyon sa yo sèlman.

Gid:

Nan redaksyon ou asire ou:

- Devlope tout aspè nan sa w gen pou fè a
- Sipòte tèm nan avèk reyalite, egzanp ak detay
- Itilize yon plan òganizasyon ki lojik epi klè; mete yon entwodiksyon ak yon konklizyon ki pa yon senp repetisyon tèm nan

Nan devlopman repons ou pou Pati II a, sonje pou panse ak definisyon jeneral sa yo:

- dekri** vle di “pou montre yon bagay ak mo oswa pou pale osijè bagay la”
- eksplike** vle di “pou fè yon bagay vin senp ak fason pou konprann; pou bay rezon oswa kòz yo; pou montre devlopman lojik oswa relasyon”
- diskite** vle di “fè obsèvasyon sou yon bagay sèvi avèk reyalite, rezònman, ak diskisyon; prezante ak kèk detay”

Nan devlopman repons ou yo pou Pati III a, sonje pou panse ak definisyon jeneral sa yo:

diskite vle di “fè obsèvasyon sou yon bagay sèvi avèk reyalite, rezònman, ak diskisyon; prezante ak kèk detay”

Pati III

KESYON KI BAZE SOU DOKIMAN

Kesyon sa a baze sou dokiman ki mache avèk li yo. Kesyon an la pou teste abilte w pou travay ak dokiman istorik. Kèk nan dokiman sa yo te revize pou kesyon sa a menm. Pandan w ap analize dokiman yo, panse ak sous chak dokiman epi nenpòt opinyon ki te kapab prezante nan dokiman an.

Kontèks Istorik:

Ant ane 1800 ak 1860, faktè ekonomik, sosyal, ak politik te kontribiye nan devlopman diferans kategori yo ant Nò ak Sid. Diferans sa yo te gen ladan fason pou pi byen devlope ekonomi Etazini, ogmantasyon esklavaj nan teritwa yo, ak relasyon ant eta yo ak gouvènman federal la. Diferans sa yo te fè travay preparasyon pou Lagè Sivil la.

Sa pou fè: Avèk enfòmasyon ki nan dokiman yo ak konesans ou nan istwa Etazini, reponn kesyon ki vini apre chak dokiman ki nan Pati A. Repons ou pou kesyon yo ap ede ou ekri redaksyon Pati B kote y ap mande ou pou

- Diskite sou diferans ekonomik, politik, *ak/oswa* sosyal ant Nò ak Sid ki te pètèt lakòz Lagè Sivil la


Pati A

Kesyon ak Repons Kout

Enstriksyon: Analize dokiman yo epi reponn kesyon ak repons kout ki vini apre chak dokiman nan espas yo ba ou a.

Dokiman 1a


Valè Manifakti (an milyon dola), 1860



Sous: Abraham Lincoln Historical Digitization Project, Northern Illinois University Libraries, and United States Census Bureau (adapte)

Dokiman 1b

Valè Ekspòtasyon Etazini, 1850–1860



Sous: Douglass C. North, *The Economic Growth of the United States, 1790–1860*, W. W. Norton & Co., 1966 (adapte)

Dokiman 1c

Chemennfè Prensipal yo, 1860



Sous: Kownslar and Frizzle, *Discovering American History*, Holt, Rinehart and Winston (adapte)

1 Selon dokiman sa yo, endike **de (2)** diferans ant ekonomi Nò ak ekonomi Sid anvan Lagè Sivil la. [2]

(1) _____

Score

(2) _____

Score

Dokiman 2a

Ajan Sosyete Ameriken Anti-Esklavajis te vwayaje toupatou nan Etazini pou ankouraje abolisyon esklavaj.

Chè Mesye—Nou lonmen ou kòm yon Ajan Sosyete Ameriken Anti-Esklavajis; ...
... Objeksyon nou se, ranvèsman esklavaj ameriken, sistèm ki pi terib ak tiranik ki te janm egziste nan nenpòt peyi. Nou panse reyalize sa, sitou lè nou montre piblik la vrè karaktè ak fwi lejitim [efè reyèl] li yo, kontraryete li [opozisyon] nan premye prensip relijyon, moral, ak limanite, ak enkonsistans espesyal li avèk pretansyon [bi] nou yo, kòm yon pèp ki lib, imen, ak eklere. Nan fason sa a, avèk lafòs verite, nou panse korije erè komen ki gen priyorite sou respè esklavaj, epitou pou pwodui yon santiman piblik onèt, ki dwe mande alafwa konsyans ak lanmou karaktè, kamarad sitwayen nou yo ki kenbe esklav yo, epi pou fè yo kwè travay yo ak byennèt yo mande abolisyon imedyat esklavaj la...

Sous: Barnes and Dumond, eds., *Letters of Theodore Dwight Weld, Angelina Grimké Weld and Sarah Grimké, 1822–1844*, American Historical Association, 1934

2a Selon dokiman sa a, endike **yon** rezon ki fè Sosyete Ameriken Anti-Esklavajis la te kont esklavaj. [1]

Score

Dokiman 2b

Thomas R. Dew te defann esklavaj nan yon deba nan lejislati Virginia.

Dapre resansman ane 1830 lan, te gen apeprè 470,000 esklav nan Virginia. Valè mwayen chak esklav se apeprè \$200. Kidonk valè total popilasyon esklav la nan Virginia nan ane 1830 se te \$94,000,000. Si nou konsidere ogmantasyon depi lè sa a, valè prezan esklav yo nan Virginia se apeprè \$100,000,000. Valè estime tout kay ak tè ki nan eta se \$206,000,000. Èske estatistik senp sa yo endike volim sou sijè a? Li vrèman rekòmande pou eta Virginia pou li abandone esklav li yo. Sa vle di, yo panse Virginia pou sakrifye yon mwatye valè total li!

Anverite, se travay esklav nan Virginia ki bay valè pou tè a ak pou ekonomi li. Si ou elimine sa w ap detwi li. Retire popilasyon esklav la nan Eta a epi li bon nèt pou di nan jou sa rive a, Virginia ap vin “yon dezè kote ap gen laperèz.” “Y ap wè zèb k ap grandi nan lari yo, epi rena yo ap parèt nan twou yo.”...

Sous: Thomas R. Dew, *Review of the Debate in the Virginia Legislature of 1831 and 1832*, in Martin W. Sandler et al., *The People Make a Nation*, Allyn and Bacon, 1971

2b Selon Thomas R. Dew, ki **yon** rezon ki fè esklavaj te enpòtan pou Virginia? [1]

Score

Dokiman 3

Istoryen Eric Foner sou wòl ekspansyon nan lwès

K: Ki relasyon ki genyen ant esklavaj ak ekspansyon nan lwès?

A: ... Men fwontyè a te pote ogmantasyon esklavaj avèk li. Ogmantasyon esklavaj la nan lwès se te youn nan pwosesis ekonomik ak sosyal pi dinamik ki t ap fèt nan peyi sa a. Ogmantasyon alwès te pote esklavaj la nan Sidwès la, nan Mississippi, Alabama, pou travèse Rivyè Mississippi pou rive nan Louisiana. Finalman, nan ane 1840 yo, li te simaye anpil nan Texas. Kidonk, ogmantasyon esklavaj, ki te vin kesyon politik prensipal ane 1850 yo, pa t senpleman yon pwoblèm politik. Se te yon reyalite lavi chak Ameriken te konnen pandan peryòd sa a. ... Kounye a, nan Sid la, mèt esklav sid yo te egzije pou esklavaj la te esansyèl nèt pou istwa pwogrè sa a. Yo di san esklavaj, ou pa t kapab gen sivilizasyon. Esklavaj te retire klas siperyè a nan bezwen pou fè travay alamen, pou enkyete pou reyalite ekonomik chak jou yo, epitou kidonk sa te bay yo tan ak kapasite entèlekyèl pou devwe tèt yo nan boza ak literati, ak tout kalite avantaj mekanik ak envansyon. Kidonk, se te esklavaj poukont li ki te fè pwogrè sivilizasyon an vin posib la. ...

Sous: Interview with Eric Foner, *Africans in America*, www.pbs.org/wgbh

3 Selon Eric Foner, endike **yon** rezon ki fè mèt esklav Sid yo te sipòte ogmantasyon esklavaj nan lwès. [1]

Score

Dokiman 4

Nan ane 1847, lejislati Massachusetts te adopte yon rezolisyon, Charles Sumner te ekri, pou montre opozisyon yo kont lagè avèk Meksiko. Sa a se yon ekstrè nan rezolisyon an.

Detèmine, Pou lagè k ap fèt avèk Meksik la gen orijin primè li nan aneksyon enkonstitisyonèl Eta etranje Texas nan Etazini, alòske menm nan te toujou nan lagè avèk Meksik; Pou sa te kòmanse yon fason enkonstitisyonèl sou lòd Prezidan an te bay Jeneral Taylor, pou itilize lafòs militè pou pran kontwòl teritwa ki nan konfli ant Etazini avèk Meksik, *ak nan lokipasyon Meksik*; epi pou kounye a se salarye ki nan move kondisyon—yon nasyon pisan kont yon vwazen ki fèb—yon fason inital ak san rezon valab, nan gwo depans trezò [lajan] ak lavi, pou demantèlman Meksik, ak pou pran kontwòl yon pòsyon teritwa li, kote yo te deja elimine esklavaj la, avèk twa objeksyon: ogmante esklavaj la, ranfòse “Pisans Esklav,” epi jwenn kontwòl Eta Liv yo, anba konstitisyon Etazini an. . . .

Sous: Massachusetts House of Representatives

4 Selon rezolisyon sa a, ki **yon** rezon ki fè lejislati Massachusetts te kont Lagè Meksiken an? [1]

Score

Dokiman 5

Nan dat 29 janvyè 1850, Senatè Henry Clay te pwopoze yon seri rezolisyon pou rezoud "... tout kesyon nan polemik ant eta lib yo ak eta esklavajis yo..." Lis ki anba la a genyen ekstrè nan diskou Clay a.

Pwopozisyon Chwazi pou Konpwomi 1850

- 1 Yo dwe admèt California nan Inyon an san restriksyon alapas enklizyon oswa esklizyon esklavaj.
- 2 Pou paske esklavaj pa egziste dapre lalwa, epi yo ka pa entwodui li nan okenn teritwa Etazini achte nan men Repiblik Meksik, li pa nan enterè Kongrè a pou adopte yon lwa swa pou kreye oswa pou entèdi sa nan teritwa Etazini achte nan men Meksik...
- 5 Pou li pa bon pou aboli esklavaj nan District of Columbia pandan esklavaj kontinye egziste nan Maryland san konsantman eta a, san konsantman pèp Distri a, epitou san yo pa senpleman peye mèt esklav yo ki nan Distri a.
- 6 Men, pou li bon pou entèdi nan District of Columbia entwodiksyon esklav lòt eta swa pou yo itilize nan Distri a oswa pou yo vann nan Distri a pou itilize nan lòt eta yo.
- 7 Pou lalwa dwe fè dispozisyon pi sevè pou kaptire ak retounen esklav ki te ka sove nan nenpòt lòt eta oswa teritwa ki nan Inyon an.
- 8 Pou Kongrè a pa gen pouvwa pou entèdi oswa anpeche komès esklav ant Eta yo. Sa depannde lwa sou chak eta apa.

Sous: Martin W. Sandler et al., *The People Make a Nation*, Allyn and Bacon, 1971

5a Selon dokiman sa a, ki **yon** fason pwopozisyon sa yo te anfavè Nò? [1]

Score

b Selon dokiman sa a, ki **yon** fason pwopozisyon sa yo te anfavè Sid? [1]

Score

Dokiman 6

... Esklavaj pa t sèlman lakòz konfli Nò–Sid pandan ane 1830 yo ak ane 1840 yo. Depi lè sa a, adopsyon gwo dwa ladwàn pwoteksyon nan ane 1828, Sidis yo rele “Tarif Abominasyon,” eta sidis yo t ap pwoteste pa sèlman kont enjistis li, men tou kont ilegalite li. Yo te degaje yo pou redui li nan ane 1832, menmsi sa pa t ase pou anpil moun nan Kawolin-di-Sid ki te fè konnen yon eta apa, kòm yon pati nan kontra orijinal la ki te kreye Inyon an, te gen dwa pou deklare anile nan fwontyè li yo yon lwa federal yo konsidere kòm lwa ki enkonstitisyonèl oswa enjis. Sou baz sa a, yon konvansyon espesyal eta Kawolin-di-Sid te anile lwa 1832 ak 1832 sou dwa ladwàn, te entèdi pou yo touche taks nan fwontyè li yo, epitou te deklare nenpòt itilizasyon lafòs gouvènman federal la ta jistifye sesesyon nan Inyon an. Majorite Nòdis ki nan Kongrè a te vote pou bay Prezidan an plis pouvwa pou aplike rekouvremant revni yo, men lòt yo te chèche fason ki fasil [amikal] pou evite yon kolizyon irevokab [irezistib] sou zafè sa a, epitou yo te evite kriz imedyat la, menmsi moun Kawolin-di-Sid yo pa t abandone agiman sesyonis yo....

Sous: Batty and Parish, *The Divided Union: The Story of the Great American War, 1861–65*, Salem House Publishers, 1987

6a Selon Batty and Parish, kisa ki te **yon** reyaksyon South Carolina nan pasaj dwa ladwàn federal yo? [1]

Score

b Selon Batty and Parish, kisa ki te **yon** repons Nò nan aksyon South Carolina te pran konsènan dwa ladwàn nan? [1]

Score

Dokiman 7

Konfedere Jeneral John B. Gordon te yon sivil ki te vin yon sòlda, epi ki te vin youn nan kòmandan Jeneral Robert E. Lee te fè plis konfyans.

... Sid la te kontinye afime li avèk pwofondè konviksyon relijye ki endike Eta ki fòme anba Konstitisyon an se te yon Inyon avèk konsantman pa avèk lafòs; Eta orijinal yo pa t kreyati men kreyatè Inyon an; Eta sa yo te vin gen endepandans yo, libète yo, ak dwa granmoun yo kont peyi manman an, epi yo pa t abandone bagay sa yo pou antre nan Inyon an; dapre kondisyon espesyal Konstitisyon an tout dwa ak pouvwa ki pa t delege te rezève pou Eta yo; epitou Sid la te defye Nò pou jwenn yon tras otorite nan Konstitisyon sa a pou anvayi yon Eta ki gen dwa granmoun li ak pou fè presyon sou li.

Yon lòt bò, Nò a te kontinye afime li avèk pi gran konfyans nan koreksyon pozisyon li ki endike Inyon ki te fòme anba Konstitisyon an te deziyen pou la pou toutan; dwa granmoun se te yon inite, epi li pa t kapab divize; si te genyen oswa pa t genyen nenpòt pouvwa espesyal ki garanti nan Konstitisyon an pou anvayi yon Eta, dwa oto-konsèvasyon te espesifik nan tout gouvènman yo; lavi Inyon an te enpòtan pou lavi libète; oswa, dapre Webster, “libète ak inyon fè yon sèl, epi yo enseparab.”...

Sous: John B. Gordon, *Reminiscences of the Civil War*, Charles Scribner's Sons, 1904

7a Selon John B. Gordon, kisa ki te pwendvi Sid konsènan pouvwa eta yo anba Konstitisyon an? [1]


Score

b Selon John B. Gordon, kisa ki te pwendvi Nò konsènan Inyon yo te kreye anba Konstitisyon an? [1]

Score

Dokiman 8

Rezilta Eleksyon 1860



Sous: Herman J. Viola, *Why We Remember*, Addison-Wesley Publishing (adapte)

8 Selon kat jeyografik sa a, pou kisa yo te konsidere Abraham Lincoln kòm yon prezidan kategori? [1]

Score

Pati B

Redaksyon

Enstriksyon: Ekri yon redaksyon byen òganize ki genyen ladan l yon entwodiksyon, plizyè paragraf, ak yon konklizyon. Itilize prèv ki sòti nan *omwen senk* dokiman nan redaksyon ou. Sipòte repons ou avèk reyalite, egzanzp ak detay enpòtan. Ajoute enfòmasyon ki sòti lòt kote.

Kontèks Istorik:

Ant ane 1800 ak 1860, faktè ekonomik, sosyal, ak politik te kontribiye nan devlopman diferans kategori yo ant Nò ak Sid. Diferans sa yo te gen ladan fason pou pi byen devlope ekonomi Etazini, ogmantasyon esklavaj nan teritwa yo, ak relasyon ant eta yo ak gouvènman federal la. Diferans sa yo te fè travay preparasyon pou Lagè Sivil la.

Sa pou fè: Itilize enfòmasyon ki sòti nan dokiman yo ak konesans ou nan istwa Etazini, ekri yon redaksyon kote y ap mande w pou

- Diskite sou diferans ekonomik, politik, *ak/oswa* sosyal ant Nò ak Sid ki te pètèt lakòz Lagè Sivil la

Gid:

Nan redaksyon ou asire ou:

- Devlope tout aspè nan sa w gen pou fè a
- Mete ladan l enfòmasyon ki sòti nan *omwen senk* dokiman
- Mete ladan l enfòmasyon ki sòti lòt kote
- Sipòte tèm nan avèk reyalite, egzanzp ak detay
- Itilize yon plan òganizasyon ki lojik epi klè; mete yon entwodiksyon ak yon konklizyon ki pa yon repetisyon tèm nan

